

## BAB III

### MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa hiji cara ilmiah pikeun nyangking data kalayan tujuan sarta kagunaan anu tangtu. Unggal panalungtikan salawasna merlukeun méthode anu luyu pikeun ngahontal tujuan panalungtikan.

Arikunto (dina Fitriyasih, 2012:40) nétélakeun yén méthode panalungtikan téh nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data dumasar kana tujuan nu hayang dihontal. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif analitik.

Nurutkeun Margono (2009:39) dina panalungtikan déskriptif analitik data anu dicangking (mangrupa kecap-kecap, gambar, paripolah) lain mangrupa wilangan atawa angka statistik, tapi mangrupa wangun kualitatif anu mibanda harti leuwih euyeub ti batan angka atawa frékuénsi. Nawawi nétélakeun yén méthode déskriptif nya éta:

*‘Metode deskriptif dapat diartikan sebagai prosedur pemecahan masalah yang diselidiki dengan menggambarkan atau melukiskan keadaan subjek atau objek penelitian (novel, drama, cerita pendek, puisi) pada saat sekarang berdasarkan fakta-fakta yang tampak atau sebagaimana adanya.’*

Ku méthode déskriptif, panalungtik sastra diperedih pikeun ngébréhkeun fakta-fakta atawa data anu témbong kalayan cara méré déskripsi. Fakta atawa data mangrupa sumber informasi anu jadi basis analisis (Siswantoro, 2010:56-57).

Jadi, méthode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun atawa nyieun gambaran sistematis struktur puisi mantra ti Désa Cimindi, Kecamatan Cigugur, Kabupatén Ciamis, pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Puisi di SMA Kelas X.

### 3.5.3 Data Panalungtikan

Data mangrupa sumber informasi anu bakal diseléksi salaku bahan analisis (Siswantoro, 2011:70). Data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh mantra anu dikumpulkeun ku panyusun ti Désa Cimindi, Kacamatan Cigugur, Kabupatén Ciamis. Data nu rék dianalisis nya éta puisi mantra anu strukturna (eusi, basa, purwakanti, wangun jeung wirahma, citraan) bisa dianalisis sarta dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi puisi di SMA kelas X.

Data anu kakumpul ti Désa Cimindi, Kacamatan Cigugur, Kabupatén Ciamis, kabéhna aya 107, anu satuluyna digolongkeun jadi genep jenis mantra anu ngawengku: 20 jangjawokan, 31 asihan, 10 ajian, 8 singlar, 27 jampé, jeung 11 rajah. Ieu papasingan mantra ditangtukeun dumasar téori Rusyana, anu ngabagi mantra dumasar kana fungsi atawa tujuan makéna mantra, sarta konsép Isnéndés anu ngabagi mantra dumasar kana tujuan, mahluk lemes, sarta sarat mibanda mantra. Anapon cara nangtukeun sampel panalungtikanana nya éta ngagunakeun sistem perséntase. Data anu dipilih pikeun dianalisis nya éta 25% tina jumlah mantra tiap golongan. Anapon hasil perséntasena, ngahasilkeun jumlah mantra pikeun dianalisis anu ngawengku: 5 jangjawokan; 8 asihan; 3 ajian; 2 singlar; 7 jampé; jeung 3 rajah.

Sangkan leuwih jéntré, data mantra anu dikumpulkeun ti Désa Cimindi, Kacamatan Cigugur, Kabupatén Ciamis, sarta data anu rék dianalisisna, bisa niténan tabél 3.3 ieu di handap.

### 3.2 Téhnik Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngawengku dua téhnik nya éta, téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### 3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik wawancara, talaah pustaka, jeung téhnik dokuméntasi.

##### 1) Téhnik Wawancara

Wawancara mangrupa hiji paguneman anu dilaksanakeun ku nu ngawawancara (*interviewer*) pikeun meunangkeun informasi ti pihak nu diwawancara (informan) (Arikunto, 2010:198).

Téhnik wawancara dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngawawancara sesepuh lembur, tokoh, jeung masarakat Désa Cimindi anu dianggap mibanda pangaweruh ngeunaan puisi mantra.

##### 2) Talaah Pustaka

Talaah pustaka mangrupa téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data atawa bahan-bahan anu rék ditalungtik ku cara macaan sarta neuleuman eusi buku anu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Talaah pustaka digunakeun salian pikeun néangan data, ogé pikeun nangtukeun dasar-dasar téoritis nu aya patalina jeung subjék panalungtikan anu keur ditalungtik (Isnéndés, 1998:30).

##### 3) Téhnik Dokuméntasi

Dokuméntasi mangrupa catetan kajadian-kajadian anu penting. Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngarojong informasi data nu bisa mangrupa tulisan, gambar, atawa karya-karya monuméntal.

Dina ngalaksanakeun panalungtikan puisi mantra di Désa Cimindi, Kacamatan Cigugur, Kabupatén Ciamis, barang-barang anu aya patalina jeung panalungtikan kudu didokuméntasikeun. Barang-barang anu didokuméntasikeun di antarana: tulisan puisi mantra ti informan, transliterasi puisi mantra tina lisan kana tulisan, jeung gambar informan (poto diri informan).

### 3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Léngkah-léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan ngawengku ieu di handap.

- 1) Ngatransliterasi data tina lisan kana tulisan.
- 2) Ngelompokkeun data puisi mantra dumasar kana tiori Yus Rusyana jeung konsép Isnéndés, jeung méré kode mantra dumasar penomeran Isnéndés.
- 3) Nangtukeun puisi mantra nu rék dianalisis.
- 4) Nganalisis data puisi mantra dumasar unsur struktur pangwangunna nu ngawengku: (1) eusi mantra; (2) basa dina mantra; (3) purwakanti; (4) wangun jeung wirahma; jeung (5) citraan.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih babari jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih cermat, lengkep, jeung sistematis sangkan leuwih babari dikokolakeunana (2010:203). Instrumén salaku alat ngumpulkeun data kudu dijieun sarta dirancang sahadé-hadéna, nepi ka bisa ngahasilkeun data anu émpiris. Dina ieu panalungtikan, instrumén anu digunakeun nya éta, 1) *kaméra digital*, 2) *netbook*, 3) *recorder* (format MP3 *handphone*), 4) pedoman wawancara, jeung 5) tabél penggolongan mantra.

- 1) *Kaméra digital* digunakeun pikeun ngahasilkeun gambar (moto) barang-barang anu aya patalina jeung panalungtikan.
- 2) *Netbook* digunakeun pikeun ngatransliterasi data tina wangun lisan kana tulisan.
- 3) *Recorder* digunakeun pikeun ngarékam obrolan nalika wawancara lumangsung.
- 4) Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngawawancara para informan (sesepuh, masarakat) di Désa Cimindi, Kecamatan Cigugur, Kabupatén Ciamis.
- 5) Tabél penggolongan mantra, nya éta tabél anu digunakeun pikeun nganalisis penggolongan mantra dumasar kana konsép Isnéndés.

## Lambar 3.1

## Format Patalékan (Wawancara)

Ngumpulkeun Puisi Mantra di Désa Cimindi, Kacamatan Cigugur, Kabupatén  
Ciamis

---

## A. DATA NARASUMBER

- a) Wasta :
- b) Umur :
- c) Jenis kelamin :
- d) Status perkawinan :
- e) Alamat :
- f) Pakasaban :
- g) Atikan :
- h) Kalungguhan di masarakat :

## B. DATA MANTRA

- a) Judul mantra :
- b) Warna mantra :
- c) Téks mantra :
- d) Asal mantra
  - Ti saha :
  - Iraha :
  - Dimana :
  - Naon sarat pameulina :
- e) Fungsi mantra :
- f) Cara makéna
  - Kumaha :
  - Iraha :
  - Dimana :
  - Naon saratna :
- g) Waktu wawancara :

lis Aisah, 2013

Analisis Struktural Puisi Mantra Di Desa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis Pikeun  
Bahan Pangajaran Apresiasi Puisi Di SMA Kelas X  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.1  
Instrumén Analisis Penggolongan Mantra

Hal	Jenis Mantra					
	1	2	3	4	5	6
	Jangjawokan	Asihan	Ajian	Singlar	Jampé	Rajah
Tujuan (T)	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Ngahontal karahayuan</li> <li>✓ Prosés kagiatan lancar</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Ngawasa jiwa/ sukma nu lian</li> <li>✓ Nambah kapunjulan/kakasépan/ kageulisan</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Ngahontal kakuatan lahir jeung batin, jiwa jeung raga</li> <li>✓ Ngajaga diri jeung harta banda</li> <li>✓ Nyageurkeun panyakit lahir jeung batin</li> <li>✓ Nyampurnakeun nu maot</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Nyinglar mahluk lemes, sasatoan galak, hama nu ngagalaksak</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Nyageurkeun kasakit jeung kacilakaan-kacilakaan leutik</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Sanduk-sanduk dina hiji kagiatan</li> <li>✓ Ngahontal kalancaran jeung kasalametan</li> </ul>
Mahluk Lemes (ML)	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Bageur jeung sok nulungan</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Bageur jeung sok nulungan</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Bageur jeung sok nulungan</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Goréng jeung jahat</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Goréng patut jeung jahat</li> <li>✓ Ngadatangkeun panyakit, disambat pikeun nyageurkeun</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Bageur Jahat</li> </ul>

Iis Aisah, 2013

Analisis Struktural Puisi Mantra Di Desa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Puisi Di SMA Kelas X Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Hal	Jenis Mantra					
	1	2	3	4	5	6
	Jangjawokan	Asihan	Ajian	Singlar	Jampé	Rajah
Sarat (S)	✓ Hampang pisan (teu kudu puasa) ✓ Satengah hampang (puasa sapoé) ✓ Hampang (puasa sababaraha poé)	✓ Hampang ✓ Beurat (puasa gumantung kana weton, ngiket jeung wajib)	✓ Beurat ✓ Beurat pisan (puasa mati geni, puasa mutih, puasa wisu salila 40 poé)	✓ Beurat ✓ Rada beurat (puasa mati geni dina itungan nu tangtu)	✓ Hampang	✓ Rada beurat

(dumasar kana tabél Isnéndés, 2010:105)


Iis Aisah, 2013

Analisis Struktural Puisi Mantra Di Desa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Puisi Di SMA Kelas X  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.4 Désain Panalungtikan

Désain anu dipaké dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan ieu di handap.

Bagan 3.1 Désain Panalungtikan





### 3.5 Lokasi, Sumber Data, jeung Data Panalungtikan

#### 3.5.1 Lokasi

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di Kampung Nagrak jeung Kampung Mekarjaya anu diwengku ku Désa Cimindi. Sacara géografis, Désa Cimindi aya di wilayah Kacamatan Cigugur Kabupatén Ciamis, Provinsi Jawa Barat. Sacara umum Désa Cimindi mangrupa daérah pagunungan anu aya dina *ketinggian* 125 m ti *permukaan* laut. Lega daratanana  $\pm 689.256$  ha, sedengkeun lega pagununganana  $\pm 1.033.884$  ha.

Nurutkeun data monografi taun 2010, jauhna ka ibu kota kacamatan kira-kira 2 km. Sedengkeun jauhna ka ibu kota kabupatén nya éta kira-kira 149 km. Sacara administratif, Désa Cimindi miboga wates beulah kalér nya éta Désa Cigugur, Kacamatan Cigugur; beulah kidul nya éta Désa Cibanten, Kacamatan Cijulang; beulah wétan nya éta Désa Parakan Manggu, Kacamatan Parigi; jeung wates beulah kulon nya éta Désa Bunisari, Kacamatan Cigugur.

Jumlah penduduk nu aya di Désa Cimindi ngawengku 1.953 urang lalaki jeung 2.044 urang awéwé, anu kabagi kana 1.407 *Kepala Keluarga* (KK). Nurutkeun data monografi désa taun 2010 jumlah penduduk Désa Cimindi katitén dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.2

Jumlah Penduduk Désa Cimindi

Jumlah	Jenis Kelamin	
	Lalaki	Awéwé
Jumlah penduduk taun 2010	1.953 urang	2.044 urang

Sumber: Data Monografi Désa Cimindi Taun 2010

Penduduk Désa Cimindi upama ditilik tina pakasabanana, lolobana kana tani. Patani nu aya di Désa Cimindi ieu nya éta salaku *petani pemilik* (nu boga sawah) jeung *petani penggarap/penyewa*, jeung buruh tani. Anapon dina cara ngagarap sawahna kaitung geus rada maju. Éta hal bisa katitén tina lobana nu maké mesin *traktor* dina ngagarap sawahna, sarta ayana mesin *rontog* (mesin pikeun ngalaan paré tina tangkalna) nu dipaké ku patani nalika usum dibuat geus datang, sok sanajan pakakas tatanén tradisional saperti pacul masih kénéh dipaké.

Iis Aisah, 2013

Analisis Struktural Puisi Mantra Di Desa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Puisi Di SMA Kelas X  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu


Salian ti tani, masarakat Désa Cimindi ogé aya nu jadi *Pegawai Negeri Sipil* (PNS), pagawé swasta, buruh, tukang dagang, pangusaha, jeung séktor jasa saperti ojég.

Masarakat Désa Cimindi umumna ngagem agama Islam. Kegiatan-kegiatan rutin saperti pangaosan dilaksanakeun ku ibu-ibu jeung barudak. Pangaosan ibu-ibu di tiap kampung, ilaharna dilaksanakeun unggal poé Jumaah ti isuk-isuk nepi ka saméméh wanci jumaahan. Pangaosan barudak rutin dilaksanakeun unggal geus magrib, tapi aya ogé sabagéan madrasah di sabaraha kampung anu ngayakeun sakola agama anu waktuna ti lohor nepikeun ka asar. Salian ti éta, aya ogé pangaosan anu rutin diayakeun tiap tilu bulan sakali atawa nu sok disebut triwulanan. Éta pangaosan biasana diiluan ku ibu-ibu jeung bapa-bapa, sarta dilaksanakeun sacara bagilir di tiap kampung nu aya di Désa Cimindi.

Dina ngajalankeun komunikasi, masarakat Désa Cimindi ngagunakeun basa Sunda dina hirup kumbuh sapopoéna. Lian ti Basa Sunda, sabagéan masarakat Désa Cimindi ogé aya nu ngagunakeun basa Jawa lantaran sabagéan masarakatna mangrupa pendatang ti Jawa Tengah.

Dina ieu panalungtikan, data kependudukan anu dijadikeun sumber masih kénéh ngagunakeun data monografi Désa Cimindi taun 2010, ku sabab pamaréntah Désa Cimindi can ngaluarkeun data monografi désa anu panganyarna.

Gambar 3.1 Péta Wilayah



### 3.5.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2010:172) sumber data mangrupa subyék ti mana asal dicangkingna data. Dina panalungtikan sumber data bisa dibagi jadi tilu, nya éta: 1) jalma anu bisa méré data mangrupa jawaban boh sacara lisan boh sacara tinulis; 2) tempat anu némbongkeun kaayaan cicing atawa gerak; 3) tulisan atawa dokumén anu ngagambarkeun tanda-tanda mangrupa hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol.

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta jalma salaku narasumber atawa informan anu diwawancara, sarta tulisan anu mangrupa dokuméntasi pribadi narasumber.

Iis Aisah, 2013

Analisis Struktural Puisi Mantra Di Desa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Puisi Di SMA Kelas X  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.3

Data Narasumber Puisi Mantra di Désa Cimindi, Kacamatan Cigugur, Kabupatén Ciamis

No.	Ngaran	Umur	Atikan	Kalungguhan/ Pakasaban	Alamat	Nomer Info	Jumlah Mantra	Waktu Mupu Mantra
1	2	3	4	5	6	7	8	9
1	Oman	56	SD	tani	RT 05/RW 12 Dusun 04	01.01.001 nepi ka 01.13.012	12	6 Maret 2013
2	Uji	83	SR	candoli, tani	RT 05/RW 12 Dusun 04	02.01.013 nepi ka 02.03.015	3	7 Maret 2013
3	Sapdian	85	SR	kokolot, tani	RT 05/RW 12 Dusun 04	03.01.016 nepi ka 03.20.35	20	7 Maret 2013
4	Asih	41	SMP	seniman	RT 05/RW 12 Dusun 04	04.01.036 nepi ka 04.08.043	8	8 Maret 2013
5	Sarji	82	SR	kokolot, tani	RT 04/RW 10 Dusun 05	05.01.44 nepi ka 05.12.055	12	21 Maret 2013
6	Sarsih	78	SR	paraji	RT 01/RW 11 Dusun 04	06.01.056 nepi ka 06.03.058	3	21 Maret 2013

Iis Aisah, 2013

Analisis Struktural Puisi Mantra Di Desa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Puisi Di SMA Kelas X  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No.	Ngaran	Umur	Atikan	Kalungguhan/ Pakasaban	Alamat	Nomer Info	Jumlah Mantra	Waktu Mupu Mantra
1	2	3	4	5	6	7	8	9
7	Sarmijem	83	SR	kokolot	RT 05/RW 12 Dusun 04	07.01.059 nepi ka 07.10.068	10	22 Maret 2013
8	Aos	44	MTs	tani	RT 05/RW 12 Dusun 04	08.01.069	1	22 Maret 2013
9	Taryaman	40	SMP	tukang dagang	RT 04/RW 12 Dusun 04	09.01.070	1	22 Maret 2013
10	Oon	55	SD	tukang dagang, tani	RT 04/RW 12 Dusun 04	10.01.071 nepi ka 10.02.072	2	22 Maret 2013
11	Musonip	45	SMP	tukang dagang, tani	RT 04/RW 12 Dusun 04	11.01.073	1	22 Maret 2013
12	Asép	23	SD	buruh	RT 03/RW 09 Dusun 05	12.01.074	1	23 Maret 2013
13	Ai Mulyati	45	SMP	tani, ibu rumah tangga	RT 04/RW 12 Dusun 04	13.01.075 nepi ka 13.06.080	6	23 Maret 2013
14	Hadar	71	SR	kokolot, tani	RT 05/ RW 12 Dusun 04	14.01.081 nepi ka 14.02.082	2	24 Maret 2013
15	Jahid	73	SR	seniman, tani	RT 04/RW 12 Dusun 04	15.01.083 nepi ka 15.10.092	10	24 Maret 2013

**lis Aisah, 2013**

Analisis Struktural Puisi Mantra Di Desa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Puisi Di SMA Kelas X  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No.	Ngaran	Umur	Atikan	Kalungguhan/ Pakasaban	Alamat	Nomer Info	Jumlah Mantra	Waktu Mupu Mantra
1	2	3	4	5	6	7	8	9
16	Dédé M.Nur	27	S1	PNS	RT 03/RW 11 Dusun 04	16.01.093 nepi ka 16.02.094	2	25 Maret 2013
17	Omih	37	SD	tukang ngurut, tani	RT 03/RW 11 Dusun 04	17.01.095 nepi ka 17.02.096	2	25 Maret 2013
18	Rasjim	80	SR	tani	RT 03 /RW 09 Dusun 05	18.01.097 nepi ka 18.08.104	8	26 Maret 2013
19	Éboh	80	SR	tani	RT 03/RW 09 Dusun 05	19.01.105 nepi ka 19.03107	3	26 Maret 2013

(dumasar kana tabél Isnéndés, 1998:53-56)

### 3.5.3 Data Panalungtikan

Data mangrupa sumber informasi anu bakal diseléksi salaku bahan analisis (Siswantoro, 2011:70). Data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh mantra anu dikumpulkeun ku panyusun ti Désa Cimindi, Kacamatan Cigugur, Kabupatén Ciamis. Data nu rék dianalisis nya éta puisi mantra anu strukturna (eusi, basa, purwakanti, wangun jeung wirahma, citraan) bisa dianalisis sarta dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi puisi di SMA kelas X.

Data anu kakumpul ti Désa Cimindi, Kacamatan Cigugur, Kabupatén Ciamis, kabéhna aya 107, anu satuluyna digolongkeun jadi genep jenis mantra anu ngawengku: 20 jangjawokan, 31 asihan, 10 ajian, 8 singlar, 27 jampé, jeung 11 rajah. Ieu papasingan mantra ditangtukeun dumasar téori Rusyana, anu ngabagi mantra dumasar kana fungsi atawa tujuan makéna mantra, sarta konsép Isnéndés anu ngabagi mantra dumasar kana tujuan, mahluk lemes, sarta sarat mibanda mantra. Anapon cara nangtukeun sampel panalungtikanana nya éta ngagunakeun sistem perséntase. Data anu dipilih pikeun dianalisis nya éta 25% tina jumlah mantra tiap golongan. Anapon hasil perséntasena, ngahasilkeun jumlah mantra pikeun dianalisis anu ngawengku: 5 jangjawokan; 8 asihan; 3 ajian; 2 singlar; 7 jampé; jeung 3 rajah.

Sangkan leuwih jéntré, data mantra anu dikumpulkeun ti Désa Cimindi, Kacamatan Cigugur, Kabupatén Ciamis, sarta data anu rék dianalisisna, bisa niténan tabél 3.3 ieu di handap.

Tabél 3.4

Data Puisi Mantra di Désa Cimindi, Kacamatan Cigugur, Kabupatén Ciamis

No.	Kode Mantra	Judul Mantra					
		Jangjawokan	Asihan	Ajian	Singlar	Jampé	Rajah
1	<b>01.01.001</b>			<b>Ajian Pigeueuman</b>			
2	<b>01.02.002</b>		<b>Asihan Cokél Tapak</b>				
3	01.03.003		Asihan I				
4	01.04.004		Asihan Pangliaran				
5	01.05.005					Jampé Hileudeun	
6	<b>01.06.006</b>					<b>Jampé Tajam</b>	
7	01.07.007			Ajian Pangabaran I			
8	01.08.008			Ajian Pangabaran II			
9	<b>01.09.009</b>			<b>Ajian Pangabaran III</b>			
10	01.10.010		Asihan Dagang				
11	01.11.011					Jampé Alasan	
12	<b>01.12.012</b>						<b>Rajah Tumbal I</b>
13	02.01.013	Jangjawokan paranti Disamping I					
14	02.02.014	Jangjawokan paranti Digelung					
15	02.03.015					Jampé Kakadék	
16	<b>03.01.016</b>				<b>Singlar I</b>		
17	03.02.017						Rajah I
18	<b>03.03.018</b>						<b>Rajah Pamunah I</b>
19	<b>03.04.019</b>					<b>Jampé Kabadi I</b>	

lis Aisah, 2013

Analisis Struktural Puisi Mantra Di Desa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Puisi Di SMA Kelas X Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



No.	Kode Mantra	Judul Mantra					Rajah
		Jangjawokan	Asihan	Ajian	Singlar	Jampé	
20	03.05.020						Rajah Sulaéman
21	03.06.021						Rajah Tumbal II
22	03.07.022		Asihan Kaparéntah				
23	<b>03.08.023</b>		<b>Asihan Si Leugeut Teureup</b>				
24	03.09.024					Jampé Puru	
25	<b>03.10.025</b>					<b>Jampé Kabeuleum I</b>	
26	<b>03.11.026</b>					<b>Jampé Bunggak Beuteung I</b>	
27	03.12.027					Jampé Sasalad	
28	03.13.028			Ajian Pamotan			
29	03.14.029	Jangjawokan paranti Ngala Paré					
30	03.15.030	Jangjawokan paranti Melak Paré					
31	03.16.031	Jangjawokan paranti Ngukus					
32	03.17.032					Jampé Gateul Suku	
33	<b>03.18.033</b>					<b>Jampé Rieut Sirah</b>	
34	03.19.034					Jampé Tuju Roroké	
35	03.20.035		Asihan Kumawula				
36	04.01.036		Asihan Kasemaran I				
37	04.02.037		Asihan Kasemaran II				
38	04.03.038	Jangjawokan paranti Dangdan I					
39	<b>04.04.039</b>		<b>Asihan Si Beunteu Weuleu I</b>				
40	04.05.040		Asihan II				

**lis Aisah, 2013**

Analisis Struktural Puisi Mantra Di Desa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Puisi Di SMA Kelas X Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No.	Kode Mantra	Judul Mantra					
		Jangjawokan	Asihan	Ajian	Singlar	Jampé	Rajah
41	04.06.041		Asihan III				
42	04.07.042		Asihan IV				
43	04.08.043		Asihan V				
44	<b>05.01.044</b>		<b>Asihan VI</b>				
45	05.02.045						Rajah Pamunah II
46	<b>05.03.046</b>						<b>Rajah Tumbal Ngala Batu</b>
47	05.04.047		Asihan VII				
48	05.05.048				Singlar II		
49	05.06.049					Jampé Muriang	
50	05.07.050				Singlar Patutulak		
51	05.08.051				Singlar III		
52	<b>05.09.052</b>	<b>Jangjawokan Caang Pikir</b>					
53	<b>05.10.053</b>				<b>Singlar Angin Gedé</b>		
54	05.11.054			Ajian Pangabaran Pupu Bayu			
55	<b>05.12.055</b>			<b>Ajian Pangabaran Oray Welang</b>			
56	<b>06.01.056</b>		<b>Asihan Pangorégan</b>				
57	06.02.057		Asihan Hudang Cahya				
58	06.03.058		Asihan VIII				
59	07.01.059			Ajian Pangabaran IV			
60	07.02.060		Asihan Semar Mésem I				
61	07.03.061		Asihan Pikarunyaan				

**lis Aisah, 2013**

Analisis Struktural Puisi Mantra Di Desa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Puisi Di SMA Kelas X Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No.	Kode Mantra	Judul Mantra					
		Jangjawokan	Asihan	Ajian	Singlar	Jampé	Rajah
62	<b>07.04.062</b>	<b>Jangjawokan paranti Dibaju</b>					
63	<b>07.05.063</b>	<b>Jangjawokan paranti Diuk</b>					
64	<b>07.06.064</b>	<b>Jangjawokan paranti Leumpang</b>					
65	07.07.065	Jangjawokan paranti Mandi I					
66	07.08.066				Singlar Pajagiling		
67	07.09.067	Jangjawokan paranti Mandi II					
68	07.10.68	Jangjawokan paranti Disamping II					
69	08.01.069		Asihan Semar Mésem II				
70	<b>09.01.070</b>		<b>Asihan IX</b>				
71	10.01.071					Jampé Kabeuleum II	
72	10.02.072					Jampé Bunghak Beuteung II	
73	11.01.073					Jampé Kabeuleum III	
74	12.01.074		Asihan X				
75	13.01.075			Ajian Pupul Bayu			
76	13.02.076					Jampé Dipupul Bayu	
77	13.03.077	Jangjawokan paranti Ngala Oray					

lis Aisah, 2013

Analisis Struktural Puisi Mantra Di Desa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Puisi Di SMA Kelas X Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No.	Kode Mantra	Judul Mantra					
		Jangjawokan	Asihan	Ajian	Singlar	Jampé	Rajah
78	13.04.078				Singlar Pibungkeman		
79	13.05.079					Jampé Nambaan Sapi	
80	13.06.080		Asihan Pangirutan				
81	14.01.081		Asihan XI				
82	14.02.082					Jampé Sulaéman Pasal	
83	<b>15.01.083</b>		<b>Asihan XII</b>				
84	15.02.084		Asihan Si Beunteu Weuleu II				
85	15.03.085	Jangjawokan paranti Dangdan II					
86	15.04.086	Jangjawokan paranti Keupat					
87	15.05.087		Asihan XIII				
88	15.06.088		Asihan Pangemat				
89	15.07.089						Rajah Pamunah III
90	15.08.090						Rajah Pakalungan
91	15.09.091						Rajah Isim
92	15.10.092						Rajah Malageni
93	<b>16.01.093</b>					<b>Jampé Seungseureudan</b>	
94	16.02.094			Ajian Katimbulan			
95	17.01.095					Jampé Bondang Bandung (ngurut)	
98	<b>17.02.096</b>		<b>Asihan XIV</b>				
97	18.01.097					Jampé Kabadi II	

**lis Aisah, 2013**

Analisis Struktural Puisi Mantra Di Desa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Puisi Di SMA Kelas X  
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No.	Kode Mantra	Judul Mantra					
		Jangjawokan	Asihan	Ajian	Singlar	Jampé	Rajah
98	18.02.098					Jampé pinggan Bodas	
99	18.03.099					Jampé Baraja	
100	18.04.100	Jangjawokan paranti Magawé					
101	18.05.101				Singlar Pangangonan		
102	18.06.102	Jangjawokan Nyampurnakeun Dahareun					
103	<b>18.07.103</b>	<b>Jangjawokan paranti Susuci</b>					
104	18.08.104	Jangjawokan paranti Meuncit Hayam					
105	19.01.105					Jampé Kabeuleum IV	
106	19.02.106					Jampé Kurap	
107	<b>19.03.107</b>					<b>Jampé Kabeureuyan</b>	

(diropéa tina tabél Isnéndés, 2010: 105)

Katerangan tina Tabél 3.4

- Angka 01.01.001 = (1) 01, (2) 01, (3) 001
  - (1) 01 = Nomer Narasumber
  - (2) 01 = Nomer Mantra Narasumber
  - (3) 001 = Nomer Jumlah Mantra
- Nu dianalisis nu dihideungan
- Sampel dicokot dumasar perséntase

lis Aisah, 2013

Analisis Struktural Puisi Mantra Di Desa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Puisi Di SMA Kelas X  
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.6 Wangenan Operasional

#### 1) Analisis Struktural

Analisis struktural nya éta analisis puisi kana unsur-unsur jeung fungsina, sarta péréléan unggal unsur éta baris miboga ma'na lamun dipakaitkeun jeung unsur séjénna, kitu ogé dumasar tempat atawa posisina dina struktur .

#### 2) Puisi Mantra

Puisi mantra téh nya éta warnaning puisi (ugeran) buhun (tradisional) anu dianggap miboga kakuatan magis, kayaning jajampéan, jangjawokan, parancah, singlar, asihan, jsté.

#### 3) Bahan Pangajaran

Bahan pangajaran bisa dihartikeun salaku perangkat bahan anu dijeronan ngabogaan matéri jeung eusi pangajaran, dipidangkeun ngaliwatan métode-métode anu husus pikeun ngarojong prosés pangajaran sangkan bisa ngahontal tujuan anu geus ditangtukeun.

#### 4) Aprésiasi Puisi

Aprésiasi puisi nya éta méré pangajén kana puisi minangka hasil tina kagiatan nitéan, nyangkem, napsirkeun, neuleuman, jeung ngarasakeun éta karya sastra nu dirojong ku kapekaan batin kana ajén-ajén nu nyangkaruk dina éta puisi.

### 3.7 Léngkah-Léngkah Panalungtikan

Anu dijadikeun rarancang dina ieu panalungtikan, nya éta: tahap tatahar; tahap ngumpulkeun data; tahap ngolah data; tahap nyusun laporan panalungtikan. Satuluyna dipedar leuwih jéntré saperti ieu di handap.

#### 1) Tahap tatahar

Léngkah-léngkah dina tahapan tatahar, nya éta (1) ngajukeun judul panalungtikan; (2) nyusun rarancang panalungtikan; (3) ngumpulkeun sumber bahan kajian; (4) nangtukeun masalah jeung objék panalungtikan; (5) nyieun proposal panalungtikan; (6) ngaréngsékeun surat ijin panalungtikan; (7) konsultasi ka dosén pangaping.

**lis Aisah, 2013**

Analisis Struktural Puisi Mantra Di Desa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Puisi Di SMA Kelas X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## 2) Tahap ngumpulkeun data

Léngkah-léngkah dina tahapan ngumpulkeun data, nya éta (1) wawancara ka sesepuh lembur, tokoh, jeung masarakat Désa Cimindi anu dianggap mibanda pangaweruh ngeunaan puisi mantra; (2) telaah pustaka pikeun meunangkeun pamahaman awal ngeunaan puisi mantra; (3) ngadokuméntasikeun barang-barang anu aya patalina jeung panalungtikan.

## 3) Tahap ngolah data

Léngkah-léngkah dina tahap ngolah data, nya éta (1) ngatransliterasi puisi mantra tina lisan kana tulisan; (2) ngelompokkeun data puisi mantra dumasar kana tiori Yus Rusyana jeung konsép Isnéndés, jeung méré kode mantra dumasar penomeran Isnéndés; (3) nangtukeun puisi mantra nu rék dianalisis; jeung (4) Nganalisis data puisi mantra dumasar unsur struktur pangwangunna nu ngawengku: eusi mantra; basa dina mantra; purwakanti; wangun jeung wirahma; jeung citraan.

## 4) Tahap nyusun laporan panalungtikan

Léngkah nyusun laporan mangrupa tahapan pamungkas dina ieu panalungtikan. Sabada hasil panalungtikan dianalisis nepi ka jadi informasi anu bisa disusun dina wangun déskriptif. Satuluyna ieu laporan disusun sacara sistematis dina wangun skripsi.